# HÁREKETLI OYINLARDI SHÓLKEMLESTIRIW HÁM TÁLIM PROCESSINDE TUTQAN ORNI

**Shılmanov Raxat Perdebaevich**
*NMPI Sport pánleri kafedrası assistent-oqıtıwshısı*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.15079375

***Gilt sózler:*** *xalıq oyınları, dene tárbiya, sport, fizikalıq shınıǵıwlar, dene tárbiya sıpatları, epshillik, oyın, aqıl tárbiyası, miynet tárbiyası.*

***Annotaciya:*** *Jaslardı kámil insan etip tárbiyalaw, fizikalıq jaqtan shınıqqan jaslardı háreketli oyınlar arqalı rawajlandırıw hám tálim sistemasında tutqan ornı haqqında sóz etiledi.*

Xalqımızdıń bir neshe ásirlerden beri toplaǵan ruwxıy baylıqların, úrip-ádetlerin, milliy dastúrlerin hám milliy oyınların qayta tiklew, ulıwma insanıylıq qádiryatlardı jetilistirip, mazmunlı etip bayıtıp barıw búgingi kúnnin úlken áhmiyetli wazıypası bolıp tabıladı. Milliy xalıq oyınlarınıń saltanat penen oynalıwı, xalqımızdıń miynetke bolǵan uqıplılıǵın arttırıwda úlken xızmet atqarǵan. Milliy háreketli oyınlardan paydalanǵanımızda balalardıń jas ózgesheligin esapqa alıp, ásirese, kishi jastaǵı balalarda oyınlar dáslep aqılınıń, oy-órisiniń rawajlanıwına, shaqqanlıqtı, epshillikti, shıdamdılıqtı, sap deneli bolıp jetilisiwine paydalı tásirin tiygizetuǵın oyınlardı tańlap alıwımız ayrıqsha áhmiyetke iye boladı.

Búgingi kúni ilimpazlarımızdıń milliy xalıq háreketli oyınlarımızdıń, úrp-ádetlerimizdiń umıtılǵan jerlerin tolıqtırıp, jańartıp qayta tiklep, házirgi waqıttıń turmıs talabına juwap beretuǵınday etip zamanagóylestirip tolıqtırıp, jaslarımızdı tárbiyalawǵa paydalanıw ushın mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri baǵdarlamalarına engiziw, xalqımızdıń milliy bayramlarında, toy merekelerinde atqarılatuǵın ulıwma xalıqlıq milliy oyınlardı qayta tiklew wazıypaları ayrıqsha maqset etip qoyıldı.

Milliy háreketli oyınlardı mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri tárbiyalanıwshılarına, úy dógereginde, sport maydanshalarında, sport zallarda jas ózgesheligine qarap tańlap alıw sport túrlerine qarap tabıslı shólkemlestiriw úlken áhmiyetke iye. Oyınlarda balalardıń jas ózgesheliklerin esapqa alıp, ásirese kishi jastaǵı balalardıń aqılın, oy-órisiniń rawajlanıwına, sap deneli bolıp jetilisiwine paydalı tásirin tiygizetuǵın oyınlardan kóbirek paydalanıwımız kerek.

Búgingi kúnde milliy oyınlardı xalqımız arasında tereńnen engiziw, rawajlandırıw, zamanagóylestiriw ámeliy jumısları qolǵa alınıp, úlken itibar qaratılıp atır. Olardıń milliyligin, oynalıw qaǵıydaların, tárbiyalıq áhmiyetin bunnan bılayda tereńirek rawajlandırıw wazıypaları ámelge asırıldı. Mektepke shekemgi

bilimlendiriw shólkemlerinde balalar menen alıp barılatuǵın milliy háreketli oyınlarǵa úlken itibar beriliwi kerek.

Oyın - bul tiykarǵı xızmetlerdiń bir túri bolǵanlıqtan bala tárbiyasına oǵada kúshli tásir etedi. Onı pedagogikalıq maqsetlerde qalay paydalanıw dene tárbiya instruktorları hám tárbiyashılardıń ózlerine baylanıslı. Ayırım waqıtlarda mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemi kólemindegi yamasa sabaq waqtında milliy háreketli oyınlardı alıp barıw ushın arnawlı oyınshıqlar, kerekli sport quralları, ayırım oyınlar ushın zárúrli bolǵan ásbap-úskeneler bunday jaǵdaylarda alıp barılǵan háreketli oyınlar balalarda qáliplesiwi kerek bolǵan morallıq qásiyetlerdiń durıs qaliplespewiniń tiykarǵı sebepshisi bolıwı sózsiz. Ayırım pedagoglar balalar oyınlarına itibarsız, ekinshi dárejeli sıpatında qarap, onı tárbiya quralı dep esaplamaydı. Tek ǵana balalardıń qızıǵıwshılıǵın qandırıw maqsetinde olarǵa oyın ushın waqıt ajıratıw menen ǵana sheklenetuǵınlıǵın da kóremiz.

Bul oyınlardı ótkeriw talabına juwap bermeydi, sebebi pedagogikalıq jaqtan qadaǵalawda hám de baqlawda bolmaǵan oyınlardıń tárbiyalıq áhmiyeti tómen bolıwı múmkin. Balalar óz ara kelise almay málellesip, jánjellesip, hátte urısıwǵa shekem barıp dene jaraqatların alıwı yamasa basqa da qolaysız jaǵdaylar júzege keliwi múmkin.

Balalar tárbiyasında shańaraqta, tárbiyalanıwshı toparlarda tárbiyalıq islerdi jobalastırıwda didaktikalıq, háreketli, mazmunlı, saxnalastırılǵan yamasa ertekli rolli oyınlardı alıp barıw maqsetke muwapıq dep esaplaymız. Bunda, álbette qaraqalpaq milliy oyınlarına kóbirek dıqqat awdarıwımız talap etiledi.

Oyın-tariyxıy tiykar tapqan waqıya, óz betinshe islew túri, insanǵa tán bolıp esaplanadı. Oyın barısı hár túrli: oyınshıqlar menen oynalatuǵın balalar oyınları, stol oyını. sheńber bolıp oynalatuǵın oyın, háreketli oyınlar, sport oyınları.

Oyın óz-ózligin biliw quralı, oyın kúlki, dem alıw, fizikalıq hám ulıwmalıq tárbiya quralı, sport quralı bolıwı múmkin. Oyın mádeniyatı elementi esabında jámiyettegi barlıq mádeniyat túrleri hám adamlardıń hár túrli talapları menen rawajlanadı: oyın kúlki, dem alıwda, ruwxıy, aqılıy hám fizikalıq kúshtiń rawajlanıwında úlken orın iyeleydi.

Oyın barısı-tek ǵana mádeniyattıń bir elementi emes, yaǵnıy balalar hám óspirimlerdi tárbiyalawda da paydalı qural bolıp esaplanadı. Ol hár dayım maqsetti gózleydi hám túrli maqsetli joldı hámde tiykarlanǵan háreket penen ózine say ózgeshelikti kórsetip turadı. Oyın barısında ásirese balalıq dáwirinde kóbirek miynet penen ulıwmalıqqa iye boladı. Biraq, oyın waqtında ómirdegi talaplardı qandırıw

ushın materiallıq baylıqtı payda ete almaydı. Oyın balalarǵa quwanısh baǵıshlaydı, sonıń ushın balalar menen tárbiyalıq jumıs alıp barıwda úlken qural bolıp esaplanadı.

Oyınnıń úlken hám kishi jastaǵılar arasında, ásirese óspirimler hám balalar arasında eń keń tarqalǵan túri bul háreketli oyınlar bolıp esaplanadı. Háreketli oyınlardıń ózine tán ózgesheligi onıń mazmunın, hárekettiń rolin anıq kórsetip beriw bolıp esaplanadı (juwırıw, sekiriw, ılaqtırıw, ótiw, toptı uzatıw hám uslap alıw, qarsılıq kórsetiw hám basqalar). Bul oyınlar háreketleniwdi onıń mazmunın (teması, ideyası) dálillep beredi. Ol oyında qoyılǵan maqsetke erisiw jolında hár qıylı qıyınshılıqlardı, tosıqlardı jeńip ótiwge baǵdarlanadı.

Háreketli oyınlardı oynawshılar ózleriniń qálewi boyınsha úyrenedi, belgili maqsetke shártli túrde erisiwge baǵdarlanǵan, ózin sanalı túrde isshenlikke tiykarlanǵan boladı. Oynawshılardıń maqsetke erisiwinde belsene háreket talap qılınadı. Ózleriniń oylap tabıwına hám iskerligine baylanıslı boladı (nıshanǵa tez júgirip barıw, nıshanǵa tez atıw, qarsılasına tez hám epshillik penen jetip alıw yamasa onnan ozıp ketiw hám taǵı basqalar).

Oyınnıń metodikalıq tárepten ózine tán qásiyeti onıń mazmunı hám formasına baylanıslı. Háreketli oyınlar metodikalıq tárepten

a) janlılıǵın;

b) shegaralardan qaǵıyda boyınsha maqsetke erisiwde erkin háreket etiw;

d) qaǵıydaǵa say túrde dóretiwshilik, intalılıq penen háreket etiw;

e) oyınlardaǵı ayırıqsha rollerdi orınlap, onıń mazmunına saylıǵı, oyın qatnasıwshıların jámáättegi málim dárejede óz ara múnásibeti ornatıladı;

f) tosattan oyınnıń ózgerip qalıw jaǵdayı, bul oyınshılardan iskerlikti, tez reaksiyanı talap yetedi;

g) oyındaǵı jarıs elementleri oyınǵa tásirsheńlikti ósiredi, kúshti tolıq sarıp etiwdi talap etedi;

x) oyında kelip shıǵatuǵın kelispewshiliklerdi sheshiwde qarama- qarsı táreplerdiń mápleri bir-birine qayshı qoyılıwı bolsa joqarı dárejedegi emociyanı payda etedi.

Pedagogikalıq ámeliyatta háreketlerdiń eki tiykarǵı túrinen paydalanıladı.

1.Erkin, dóretiwshilik yaki erkin oyınlar, bunda qatnasıwshılardıń ózleri oyın rejesin belgileydi hám belgilengen maqseti ózleri ámelge asıradı. Bul balalarda óspirimlik, mektepke shekemgi jasta hám kishi mektep jasında mazmunlı ótedi sebebi, oyınnıń mazmunına qarap rol bólistiriledi. Olar bólek yaki jeke hám topar formasında bolıwı múmkin.

2. Belgilengen qaǵıydaǵa tiykarlanıp dúzilgen háreketli oyınlarǵa úlken jastaǵı balalardıń jetekshilik qılıwı talap etiledi.

Oyın mazmunı hám quramalılıǵı boyınsha hár qıylı boladı:

a) Ápiwayı komandasız háreketli oyınlar  bunda hár bir oyın qatnasıwshısı oyın qaǵıydalarına boysına turıp,  jalǵız ózi ushın bellesedi. Oqıwshılar oyınlar arqalı ózin jetilistiriwge, basqalarǵa qaraǵanda shaqqanıraq, onıń nıshanǵa tiygiziwde, kúshte, tezlikte hám basqa da tárepleri boyınsha ústem bolıwına baǵdarlanǵan. Bul oyınlarda eń tiykarǵı qásiyet ózine tán sıpatlardan maqsetke muwapıq paylalanıw kerek bolıp esaplanadı.

b) Kóbirek quramalı komanda bolıp oynalatuǵın oyınlarǵa ótiwge baylanıslı háreketli oyınlar, bunda oyınshılar birinshi náwbette ózleriniń qızıǵıwların qorǵawǵa, doslarına járdem beriw, olardı qutqarıp qalıw boyınsha túrli oyında hújimshilerden qutqarıp qalıwǵa járdem beredi. («Qolıńdı ber»). Ayırım waqıtlarda maqsetine erisiw ushın basqa oyınshılar menen waqtınsha birlesiwi de múmkin.

Juwmaqlap aytqanda,  milliy oyınlardıń ishinde balalardı aqıl tárbiyasına, dene tárbiyasına, miynet tárbiyasına baǵdarlaytuǵın mazmunlı, qızıqlı oyınlar oǵada kóp. Atap aytqanda: «Teppek», «Kasharman top», «Pıshıq-tıshqan», «Arpa-gúrpe», «Soqır teke baq-baq», «Jasırınbaq», «Kalaq oyın»  hám taǵı basqa da oyınlardıń atın kóplep keltiriwimizge boladı. Bul oyınlardıń hár qaysısı óz áhmiyetine iye bolıp, hár qıylı baǵdardaǵı tárbiyanı úyretedi.

**Ádebiyatlar**

1. Abdullaev.A. Xongeldiev Sh. Jismoniy tarbiya nazarichsi nazariyasi va uslubiyati Darslik F.2005 y
2. UsmonxujaevT.Meliev H «Milliy xarakatli o’yinlar»- Toshkent.2002 y.
3. Yarashev K.R. «Jismoniy tarbiya va sportni  boshqarish» Darslik. -Toshkent. 2002 y